



Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIPÓ ADISYONÈL NAN BIDJÈ A POU LITE KONT EPIDEMI OPYÓD

Bidjè Eta elaji disponibilite pou Naloxone nan Lekòl yo Schools

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke lit Eta New York kont adiksyon opyòd te ranfòse pa nouvo finansman pou bay twous naloxone nan tout lekòl yo nan eta ak fòmasyon pou pèsònèl lekòl la.

“Lè nou fè investisman sa pou bay twous naloxone ak fòmasyon pou lekòl yo, nap kontinye sove lavi nan lit kont itilizasyon opyòd ak adiksyon,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Sa a se yon epidemi nan fason ki dispwopòsyone ki afekte jèn Nouyòkè yo e li te koze twòp trajedi initil nan chak kwen nan eta. Finansman sa a pral fè yon wout long nan direksyon pou sove jèn vi yo, e mwen fyè dèske mwen te ajoute l nan bidjè ane sa a.”

Enkli kòm pati nan Bidjè 2015-16 Eta New York, \$272,000 nan finansman pral itilize pou ofri fòmasyon pou enfimyè lekòl yo ansanm avèk lòt pèsònèl nan eta apeprè 3,000 distri lekòl. Moun yo ki konplete fòmasyon an pral resevwa twous naloxone pou lekòl yo. Pandan ke twous naloxone ak fòmasyon te disponib pou pèsònèl lekòl la anba kanpay *Konbat Ewoyin* Gouvènè Cuomo, finansman sa a ap espesyalman destine pou lekòl yo. Règleman final ki etabli enplemantasyon pwogram nan aktyèlman nan vwa elaborasyon an konjonksyon avèk Depatman Edikasyon Eta. Yo prevwa ke fòmasyon an ap menm jan avèk sa ki deja nan itilizasyon pou fòme premye sekouris yo ansanm avèk manm yo nan kominote a.

“Abi ewoyin ak opyòd se youn nan pi gwo menas pou sante ak byennèt Nouyòkè yo,” te deklare Komisyonè Sante pa entèrim Eta Dr. Howard Zucker. “Pou adrese pwoblèm sa komsadwa sa egzije ke nou fòme otan de moun ke posib nan fason pou idantifye ak ranvèsè sidozaj yo. Finansman sa a ap ede asire ke enfimyè lekòl yo gen konpetans ak resous ki nesèsè pou yo fè senpleman sa.”

Ogmantasyon nan disponibilite naloxone, yon medikaman ki ranvèsè yon sidozaj opyòd, se youn nan priyorite ki nan mitan lit Gouvènè Cuomo pou mete fen nan abi opyòd nan Eta New York. Lè yo bay li, li ka ranvèsè efè yon sidozaj lè li bloke tanporèman efè opyòd, keseswa li ilegal oswa preskripsyon, pèmèt moun yo rejwenn

konsyans ak reprann respirasyon nòminal. Li pa poze danje a okenn moun ki otreman ta vini an kontak avèk li e li se pa kalite medikaman ki kapab abize.

Depi Gouvènè Cuomo te fin siyen yon pake lejislatif pou konbat epidemi sa an lwa ane pase, Eta New York te pouswiv youn nan kanpay ki pi agresif kont sidozaj opyòd nan peyi a nan adrese pwoblèm nan nan diferan aspè. Aktyèlman gen plis pase 45,000 premye sekouris ak manm nan kominote a ki te resevwa fòmasyon nan itilizasyon naloxone lè yon sidozaj opyòd rive, e yo te souve plis pase 500 vi ane pase sèlman.

Anplis, nan 2014, Gouvènè Cuomo te lanse Kanpay Konbat Ewoyin & Abi Medikaman Preskripsyon pou enfòmè ak edike Nouyòkè yo sou risk ewoyin ak itilizasyon preskripsyon opyòd. Nan [Sitwèb Konbat Ewoyin](#), Nouyòkè yo ka jwenn enfòmasyon osijè siy avètisman abi ewoyin ak opyòd ak move itilizasyon, aksè a Biwo Alkòl ak Sèvis Abi Sistans tretman founisè yo, ak oryantasyon pou ede paran yo pale avèk pitit yo ansanm avèk pwofesyonèl swen sante yo pale avèk pasyan yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418